

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Manusa Seuneu



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Lazarus; Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter


Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

Sagalana katingali goréng pikeun Israil. Raja jeung ratu ijid ka Allah. Conto anu goréng pisan! Teu lila, jalma-jalma ogé nyembah ka Allah jeung nyembah allah-allah palsu. Naha aya kitu anu mikanyaah ka Gusti?




Sumuhun, aya sababaraha urang anu satia ibadahna. Dina hiji poé, Allah ngandika ka salah sahijina, ngaranna Elias.



3

Nabi Elias nyarios ka Raja Ahab anu jahat, "Demi Gusti Allah Israil anu jumeneng, moal aya embun-embunan atanapi hujan taun-taun ieu, iwail ku pangandika Kami." Ieu hartosna kalaparan! Allah moal ngantep umat-Na Israil terus-terusan dina kajahatan maranéhna.



4



Sangeus ngingetkeun raja, Allah ngutus Elias ka hiji


tempat anu sepi di nagri éta. Di dinya, di sisi walungan, Elias ngadagoan. Allah ngutus manuk gagak pikeun kadaharanana. Aranjeunna mawa roti jeung daging, isuk jeung sore. Nabi Elias ngingum cai walungan eta.

5

Teu lami walungan teh garing, margi teu aya hujan di bumi. Firman

Allah jadi nyata. Sakabeh nagri éta kakurangan cai. Pepelakan henteu tumuwuh. Jalma-jalma kalaparan. Panginten Elias héran naon anu bakal kajadian ka anjeunna ayeuna saatos caina teu aya.

6



Allah nimbalan ka Elias, "Geura angkat ka Sarpat, dumeh di dinya. Tuh, Kami geus marentahkeun ka

hiji randa pikeun nyadiakeun keur anjeun." Gusti terang kabutuhan hamba-Na. Tapi aneh pisan cara nyadiakeunna. Kalawan rendah haté, Elias taat ka Allah. Sabot dugi di Sarpat, randa éta aya di gapura-gapura kota keur ngumpulkeun kayu bakar.

7

"Punten pang candakkeun sakedik dina cangkir," saur Elias ka awéwé éta.


"Punten abdi nyuhunkeun rotina oge sapotong." "Kuring teu boga roti," jawab randa eta. "Ngan sakeupeul tipung jeung minyak saeutik dina toples."

Bari sedih, randa éta nyarios ka nabi yén nalika ieu seep, anjeunna sareng putrana bakal maot kalaparan.

8



"Ulah sieun. Geura damel heula kueh alit, teras ngadamel kanggo sorangan sareng kanggo putra," saur Elias. "Tipungna moal béak, atawa minyakna, nepi ka poé PANGERAN nurunkeun hujan ka bumi." Gusti kersa ngadamel mujijat pikeun kajadian éta. Jeung manéhna! Awéwé jeung anakna dahar sababaraha poé, tapi tipung teu béak, minyak kendi ogé teu garing.



9

Elias hirup sasarengan maranehna. Dina hiji poé kasampak kajadian anu matak sedih. Anak randa eta teh maot. Elias mawa layon éta budak ka kamar



luhur. Anjeunna sasambat ka PANGERAN, saurna, "Nun PANGERAN, Allah abdi neneda, mug ieu jiwa murangkalih sumping deui ka anjeunna." Tangtu eta doa anu mustahil!

10


PANGERAN ngadangu soara Nabi Elias, jiwa eta murangkalih sumping deui ka anjeunna, sareng anjeunna hirup deui. Nalika Nabi Elias nyandak murangkalih sareng masihan ka indungna, saurna, "Ayeuna ku kajadian ieu kuring terang yén

pangandika PANGERAN dina baham anjeun teh sadayana leres."



11


Tilu taun ti harita, Allah ngutus Elias deui ka raja, saurna, "Kami baris nurunkeun hujan ka bumi." Ka Ahab? Isebel pamajikanana teh geus maehan saratus nabi Allah.



Tapi Elias henteu ngabantah. Manéhna indit ka Raja Ahab.


12

Nalika dua lalaki papanggih, Elias nangtang Ahab pikeun ngumpulkeun sakumna Israil jeung 850 nabi palsu. Di hiji tempat nu katelah Gunung Karmel, Elias nyarita ka jalma-jalma. "Lamun PANGERAN teh leres Allah, geura nurut jeung milu Anjeunna."



13

Elias nyiapkeun dua sapi jalu pikeun kurban. Tapi henteu aya seuneu kanggo meuleum kurban. "Maneh nyebut ngaran allah anjeun, sarta Kami bakal nyebut ngaran PANGERAN," cenahna. "Allah anu ngajawab ku seuneu, Nya eta Anjeunna leres Allah." "Éta saé pisan," jawab jalma-jalma eta.




14

Ti isuk nepi ka sonten nabi-nabi palsu nganuhunkeun ka allah-allah palsuna. Aranjeunna luluncatan sareng nari bari jeung motong diri nganggo péso dugi ka getihan. Tapi angger teu aya seuneu.




15



Teras Elias ngabaseuhan kai sareng kurban ku cai, teras neneda. "Nun PANGERAN, dangukeun abdi, supados ieu jalma terang yén anjeun Gusti Allah ..."
Lajeng seuneu Gusti turun. Ngaduruk banteng jeung kai. Saterusna eta ngaduruk altar batu!

16

Jalma-jalma narenjo kajadian eta, tuluy sasambat, "Gusti, Anjeunna teh Allah!" Saur Elias, "Tangkep nabi-nabi Baal. Ulah aya nu kabur!" Elias ngalakukeun naon anu kudu dilakukeun ku Raja Ahab ti baheula. Anjeunna maehan nabi-nabi palsu.



17

Teras badega Gusti nyarioskeun ka Ahab yén badé hujan. Teu lila, katingali aya méga leutik. Badé aya hujan? Sanggeus leuwih ti tilu taun papaehan halodo?



18

Teu lila ti harita, langit jadi hideung ku mega jeung angin, lir hujan gede. Gusti ngirimkeun hujan. Yéhuwa nunjukkeun ka jalma-jalma yén Elias nyarioskeun anu leres. Allah nunjukeun yen Anjeunna teh hiji-hijina Allah nu bener.



19

Naha saur anjeun Raja Ahab bakal ngahormat Allah sareng abdi-Na Elias? Henteu! Malahan, Isebél rék maéhan Elias, tapi kabur. Tungtungna, Ahab maot dina perang sarta para pambantuna nyorong Isebel kaluar tembok ti luhur karaton. Manéhna labuh nepi ka maotna dina batu di handap.



20



Naon anu lumangsung ka Elias? Hiji poé Allah ngirim kareta seuneu jeung kuda seuneu; jeung Nabi Elias, manusa seuneu Allah, naék ku angin puyuh ka langit.

21

Manusa Seuneu


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

1 Raja-raja 17-19, 2 Raja-raja 2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

22



Rengse

24

60

23

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngeningkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

24